

SMALL BUSINESS RELIEF FUND 2.0

Grants for a thriving recovery

FON SOULAJMAN POU TI BIZNIS YO 2.0 | Sibvansyon pou yon Rekiperasyon Pwospè

FON SOULAJMAN POU TI BIZNIS 2.0 fèt pou ede ti biznis yo avèk depans biznis pou ede nan rekiperasyon yo e li pral ede biznis yo kap chèche grandi odela pandemi an.

Biznis yo pral kapab aplike pou de kalite sibvansyon yo:

1. **Sibvansyon Soulajman:** Jiska \$10,000 pou sipòte dèt ki pa peye yo pou lwaye/ipotèk, envantè, pewòl, oswa depans fiks, ak/oswa
2. **Sibvansyon Kwasans:** Jiska \$10,000 pou sipòte kwasans biznis yo grasa zouti, teknoloji, materyèl, pèsònèl, oswa lòt depans ki gen rapò avèk enveti nan kwasans biznis yo.

Nou pral priyoreze finansman biznis nan endistri ki pi afekte yo dirèkteman pa fèm, règleman, oswa pèt revni jeneral ki gen rapò avèk pandemi COVID-19 epi kap chèche devlope biznis yo nan 2021 ak pi lwen. Sa yo gen ladan men li pa limite nan:

- Sèvis manje ak pwodiksyon; restoran yo;
- chanm otèl ak ti dejene, ti otèl, ak lokasyon akoutèm;
- netwayaj kay;
- lesiv oswa netwayaj a sèk;
- reparasyon veyikil/garaj;
- ponp finèb;
- kwafè/salon bote;
- ar, espektak, ekonomi kreyativ;
- touris enkli vwayaj ak ebèjeman;
- egzèsis fizik, byennèt, ak rekreyasyon;
- transpòtasyon ak depo;
- gadri; oswa
- lavant andetay

Yo pral konsidere tout aplikan yo pou swa **youn** oswa **toulède** sibvansyon yo. Sibvansyon yo pral afekte prensipalman dapre bidjè a ki te enkli nan aplikasyon sa a. Biznis yo pral kapab

aplike pou yon sibvansyon **Soulajman** ak/oswa yon sibvansyon **Kwasans**.

Sibvansyon **Soulajman** dwe itilize pou ede biznis yo adrese dèt fiks, pewòl, kont peyab, lavant pèdi, pèdi opòtinite, ak lòt depans kapital travay ki te kapab rekonèt ke pandemi COVID-19 la pa t rive.

Sibvansyon **Soulajman** dwe itilize sou zouti, materyèl, oswa pèsònèl pou envesti nan kwasans biznis lan.

- Dokimantasyon apwopriye sou prèv itilizasyon fon sa yo ap obligatwa nan lespas 90 jou apre emisyon sibvansyon an.

POU APLIKE:

Tout aplikan yo dwe satisfè kritè ki annaprè a pou yo ka konsidere pou yon sibvansyon.

1. Dwe gen yon ID Vandè valab nan Vil Boston
2. Dwe gen mwens pase trant-senk (35) anplwaye
3. Prèv yon adrès biznis Boston (egzanp., yon kontra lwaye siyen, pèmi biznis/lisans/tit, bòdwo sèvis piblik kote biznis lan nonmen dirèkteman, oswa lòt dokiman biwo a domisil).
4. Biznis ak pwopriyetè biznis yo dwe an-règ avèk Vil Boston
5. Biznis lan dwe bay yon kopi Sètifika Biznis ajou
6. Biznis yo ki gen plis pase de (2) anplwaye dwe bay prèv pewòl (egzanp.,peman resan /deklarasyon salè, relve bankè, prèv souch chèk).

Yo pa p trete aplikasyon enkonplè yo.

[**Aplike isit la**](#)